Circassian National Assembly (CNA)
Адыгэ Лъэпкъ Хасэ (АЛъХ)
Çerkes Ulusal Meclisi (ÇUM)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэ **Зиусхьэн Кlэкlуэ Казбек**,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ**,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и VII-нэ Парламентым и Депутатхэм яхуэгъэзауэ

Мэкъуауэгъуэм и 13, 2026 гъэ

КъБР-м и Прокуратурэм, Респулбликэм и Конституцэм хэт, щlыналъэ псоуныгъэм шэсыпlэ хуиувэ статьяхэмрэ КъБР-м и lэтащхьэм республикэм и хъумэныгъэмрэ и щlыналъэ псоуныгъэмрэ зэтригъэтынымкlэ и хуитыныгъэхэр хэхыным теухуа и лъэlум, диаспорэ Адыгэхэр хуабжьу къигъэплейтеящ.

Континентыщым хыхьэ къэрал щхьэхуэ 7-м щыlэ хасэ 26-м я лlыкlуэ 65 зыхэта CNA-м и Гуп Нэхъыщхьэм и цlэкlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хэт, щlыналъэ псоуныгъэмрэ зыри къезымыгъэlусэ статьяхэмрэ республикэ lэтащхьэр республикэм щысэ тезыгъахъуэ и статусымрэ фысакъуурэ фхъумэным дыщlолъэlу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэкlуэнымкlэ икъукlэ щыуагъэ ину икlи щынагъуэу къэтлъытэ мы хэплъэныгъэр и лъабжьэкlэ къэтхьыну щхьэусыгъуэхэм япхауэ махуэгъэпсым хэфхыным дыхуейщ:

1) КъБР-м и Конситуцэм и лъабжьэр згъэува 1992-м и федеральнэ гъэпсыкlэм къигъэув щытыкlэм тетын,
2) Федеративнэ къэрал ухуэкlэм и хабзэхэм емызэгъ, КъБР-м и шынагъуэнщагъэмрэ псоуныгъэмрэ згъэкlуэдыну щыт унитаризацэ гъуэгум темыувэн,
3) КъБР-м и цlыхубэм и лъэпкъ хуитыныгъэхэм зэран хуэхъу юридическэ зэгъэзэхуэныгъэхэм епхауэ лъэпкъ зэпэщlэувэныгъэхэм lэмал ямыгъэгъуэтын,
4) Урысей Федерацэм зэхуэдэ хуитыныгъэхэр зиlэ и зы республикэ-субъекту къэнэн,
5) Дунейм и къэрал щэ ныкъуэм щикъухьауэ щыт диаспорэ Адыгэхэмрэ Хэкумрэ я тхыдэ, психосоциальнэ икlи щэнхабзэ зэпыщlэныгъэхэр хъумэн,
6) Тхыдэмрэ цlыхубэмрэ гупсэхуу жэуап ятыжьыфын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ лъабжьэхэр къаруункlэ зыщlыну, лъэпкъхэм яку дэлъ дзыхьымрэ федеральнэ зэпыщlэныгъэхэмрэ зэран яхуэхъуэну лъэбакъуэхэр явмгъэдзыну, иджырэ къэс зыlэрыдгъэхьа ди хэхъуэныгъэхэр сакъыныгъэкlэ фхъумэу ди лъэпкъымрэ ди республикэмрэ я псэуклэр нэхъыфl зыщlыну проектхэр фгъэзэщlэным гурэ псэкlэ дыщогугъу.

Пщlэ къыфхудощl,

Др. Нусрет Баш
CNA-м и тхьэмадэ